# Информатика ҳәм информацион технологияларға тереңлестирип оқытыўға қәнигелестирилген мектепке қабыллаўға тест сынақлары болып өтти

Image not found or type unknown

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-октябрдеги “Мәлимлеме технологиялары тараўында билимлендириў системасын жәнеде раўажландырыў -ҳәм ИТ-индустрия менен интеграция қылыў ис-иләжлары хақында”ғы ПҚ-4851-санлы қарары тастықланып, усы қарар тийкарында барлық қала ҳәм районларда информатика ҳәм информацион технологияларға тереңлестирип оқытыўға қәнигелестирилген мектеплер ашылыўы белгиленген.

Қарар менен Нөкис қаласында жайласқан 2-санлы улыума билим бериў мектеби негизинде информатика ҳәм информацион технологияларға тереңлестирип оқытыўға қәнигелестирилген мектеп шөлкемлестирилмекте.

Қәнигелестирилген мектепке мәлимлеме технологияларына қызығыўшы оқыўшыларды таңлап алыў мақсетинде усы жылдың 12-январь күни тест сынақлары болып өтти.

Тест сынақлары 2-санлы мектептиң спорт залында өткерилип, ата-аналар ушын қолайлық жаратыў, тест сынақларының ашықлығын тәминлеў мақсетинде видеокамералар қойылып, ата-аналарға тест сынақларында қатнасып атырған балаларын гүзетип барыў имканиятлар жаратылды.

Қарақалпақстан Республикасы бойынша 10 нан аслам  мектеплерден, жәми 86 оқыўшылар  тест сынақларында қатнасты.